



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-190**

Sijè: CHANJMAN ENPÒTAN NAN ITILIZASYON LEKÒL AK PWOSEDI POU JESYON BILDING LEKÒL
KI GEN PLIS PASE YON LEKÒL LADAN YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 1ye out 2019

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase CR A-190 ki gen dat 7 oktòb 2010.

Chanjman:

- Klarifye definisyon “chanjman enpòtan nan Itilizasyon Lekòl la” (§ I.G).
- Tabli yon pwosesis pou Konsèy Edikasyon Kominote konsène a adopte yon rezolisyon sou si wi oswa non y ap rekòmande bay Komite Regleman pou Edikasyon (Panel for Educational Policy) pwopozisyon fèmte lekòl oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl apre yon deba piblik an komen sou pwopozisyon an (§ II.B.5).
- Presize Komite Regleman pou Edikasyon a pral reponn yon rezolisyon ke Konsèy Edikasyon kominotè konsène a te adopte konfòmman a § II.B.5 regleman sa a si Komite Regleman pou Edikasyon apwouve yon pwopozisyon ke Konsèy Edikasyon kominotè a adopte yon rezolisyon pou pa rekòmande (§ II.C.5).
- Mete ajou non ak enfòmasyon pou kontakte pou resevwa demand pou regleman sa a (§ V).
- Yo te fè amandman teknik, ki pa konsiderab pou rafine langaj la ak mete tèm yo ajou.



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-190

Sijè: CHANJMAN ENPÒTAN NAN ITILIZASYON LEKÒL AK PWOSEDI POU JESYON BILDING LEKÒL
KI GEN PLIS PASE YON LEKÒL LADAN YO

Kategori: ELÈV

Pibliye: 1ye out 2019

REZIME

Regleman sa a defini pwosesis egzamen piblik ak fè kòmantè sou pwopozisyon Chanselye a sou fèmen lekòl ak fè gwo chanjman nan itilizasyon lekòl la, ak pwosesis pou Depatman edikasyon Vil Nouyòk apwouve l (nan dokiman yo refere nan Komite Regleman pou Edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP) sou pwopozisyon sa yo. Regleman sa a defini lòt pwosedi ak demand anplis ki gen rapò avèk lokal oswa mete nan menm lokal la youn oswa plizyè lekòl charter nan yon bilding lekòl leta ki deja egziste.

I. DEFINISYON

- A.** Pou pwopozisyon ki konsène klas lekòl primè, presegondè, presegondè, “distri lekòl kominotè ki afekte yo” dwe refere nan distri lekòl kominote kote lekòl ki nan pwopozisyon anye a. Pou pwopozisyon ki konsène nivo klas lekòl segondè, tèm lan dwe vle di distri lekòl kominotè a nan limit jewografik kote lekòl y ap pale nan pwopozisyon an ye a.
- B.** Tèm “lekòl ki afekte” ak “lekòl sa gen enpak sou yo” a refere sèlman ak òganizasyon ansèyman endividyèl yo idantifye pou aksyon dirèk nan pwopozisyon an ak nenpòt lekòl ki ka ale nan yon nouvo lokal oswa menm lokal avèk lòt lekòl kòm rezilta aksyon yo pwopoze a. Nan ka pwopozisyon pou ogmante kantite klas yon lekòl, tèm lan dwe vle di tou tout lekòl yo mete nan menm lokal avèk lekòl k ap agrandi a.
- C.** Tèm “elèv afekte” ak “paran afekte” refere ak elèv sa yo ak paran elèv sa yo ki nan nenpòt lokal lekòl ki afekte lè yo fè yon pwopozisyon pou fèmti yon lekòl oswa gwo chanjman nan itilizasyon yon lekòl.
- D.** Tèm “Konsèy Edikasyon pou Kominote sa gen enpak sou yo a” oswa “CEC oswa Konsèy sa gen enpak sou yo a” dwe refere ak Konsèy Edikasyon kominotè k ap reprezante distri lekòl kominote ki afekte a.
- E.** “Konsèy kominotè sa gen enpak sou yo” dwe gen ladan, pou pwopozisyon konsènan lekòl primè, lekòl presegondè, kominote lekòl ki gen limit jewografik yo nan distri

lekòl kominote kote lekòl ki afekte a ye a. Pou pwopozisyon ki konsène lekòl segondè, tèms la dwe gen ladan konsèy kominote sa yo ki anndan distri lekòl kominote a nan limit jewografik kote lekòl ki afekte a ye a.

- F. Konfòmman ak definisyon nan Regleman Chanselye A-660, yo defini yon “paran an” kòm paran elèv oswa responsab nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyon paran gen ladan: paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal yo nome, paran akèy ak “moun ki jwe wòl paran” yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an.
- G. Yon “chanjman enpòtan nan itilizasyon Lekòl” dwe gen ladan lekòl k ap fèmen ofiamezi a, k ap chanje kantite klas, k ap ale nan lòt lokal, oswa k ap nan menm lokal ak plizyè lekòl oswa òganizasyon lekòl Distri 75 ki nan lokal lekòl ap itilize kounye a. Yon “chanjman enpòtan nan itilizasyon Lekòl la” pa dwe gen ladan chanjman ki baze sou pwogram lekòl la, chanjman nan liy zòn, oswa plasman/lokal, pwogram tankou pwogram pou timoun douwe ki gen talan, nan lokal lekòl oswa lòt pwogram ap itilize kounye a, ni tèms lan pa dwe gen ladan mete nan menm lokal nouvo lekòl k ap ouvè nan nouvo bilding oswa lòt lokal ke DOE pa itilize kounye a.
- H. Yon “amelyorasyon grandyoz oswa modènizasyon lokal la” vle di yo ajoute oswa chanje yon bilding ki te egziste deja, ki pèmanan ak ki fèt pou ogmante valè bilding lan, bèlste, oswa itilite, oswa adapte bilding lan pou nouvo objektif. Adisyon oswa chanjman sa a vin fè pati bilding ki egziste deja oswa li fèt pou atache an pèmanans nan bilding ki egziste a, konsa retire l ta ka pwovoke domaj materyèl nan bilding lan oswa nan yon pati nan li. Anplis sa yo di pi wo a, yon lis enkonplè chanjman oswa sipleman ki gen ladan modènizasyon lokal, penti, ranplase kouvèti planche; enstalasyon elektrik oswa kab enfòmasyon (fil) computer Networking, ak ajoute enstalasyon klimatizè nan fenèt. Chanselye a konsève otorite final pou detèmine si yon pwopozisyon kalifye kòm modènizasyon lokal lan.

II. PWOSEDI POU EGZAMEN PIBLIK AK KÒMANTÈ SOU PWOPOZISYON CHANSELYE AN SOU FÈMTI LEKÒL AK CHANJMAN ENPÒTAN NAN ITILIZASYON LEKÒL YO

A. Deklarasyon enpak sou Edikasyon

1. Lè Chanselye a pwopozisyon pou fèmen yon lekòl oswa fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la (tankou fèmen lekòl ofiamezi, chanjman nan kantite klas, voye nan lòt lokal, oswa mete nan menm lokal avèk lòt lekòl) li dwe prepare yon Deklarasyon enpak sou edikasyon (Educational impact statement, “EIS”). Yo anekse Gid sijere pou EIS sa yo nan regleman sa a kòm Dokiman sipleman n° 1. Kòm chak pwopozisyon inik, EIS pral ajoute enfòmasyon apwopriye dapre sikonstans patikilyè k antoure yon pwopozisyon done. EIS sa a gen ladan, kote l aplikab:
 - a. Enskripsyon elèv kounye a ki pwopozisyon pou lekòl afekte a;
 - b. Bezwen evantyèl pou bilding lekòl sa a;

- c. Ramifikasyon fèmte lekòl sa a oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon atravè kominote an;
 - d. Pri ak ekonomi inisyal k ap soti nan fèmte lekòl la oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon l;
 - e. Disponiblite potansyèl tout lekòl ki fèmen;
 - f. Enpak pwopozisyon an sou elèv afekte yo;
 - g. Yon deskripsyon tout itizasyon potansyèl oswa pwopoze bilding lekòl la pou lòt pwogram edikasyon oswa sèvis administratif;
 - h. Efè fèmte Lekòl oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon bezwen pèsònèl, pri enstriksyon, administrasyon, transpò, ak lòt sèvis sipò;
 - i. Tip, laj, ak kondisyon fizik bilding lekòl la, reparasyon, ak pri enèji, amelyorasyon resan oswa planifye nan bilding lekòl sa a, ak karakteristik espesyal bilding lekòl la.
 - j. Kapasite lòt lekòl yo nan distri kominote afekte an pou akomodeelèv yo apre fèmte lekòl lan oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon, ak
 - k. Enfòmasyon sou pèfòmans akademik lekòl la, ki gen ladan si yo idantifye lekòl sa a kòm lekòl k ap kontinye mal pèfòme, lekòl ki sou lis pou evalyasyon, ak/oswa sou nouvo estati egzijans diferansye (Nan bezwen amelyorasyon, Aksyon korektif, oswa Restriktire).
2. Konsènan lokal EIS ak/oswa menm Lokal yon lekòl charter nan yon Bilding lekòl leta ki deja egziste
- a. Pou tout pwopozisyon pou plase oswa plase nan menm lokal la yon lekòl charter nan yon Bilding lekòl ki deja egziste, yon EIS dwe mete lada tou bagay sa yo:
 - i. Rezon an dwe presize poukisa yo idantifye bilding lekòl leta sa apou lokal la oswa pou mete nan menm lokal la lekòl charter a; ak
 - ii. Yon plan itilizasyon bilding lan, ki pral gen ladan, men yo pa limite avèk enfòmasyon sa yo (yo anekse yon gid sijere pou plan itilizasyon bilding lan nan regleman sa a kòm Dokiman sipleman tè No. 2):
 - a) Alokasyon ak pataj aktyèl salklas ak espas administratif ant lekòl charter ak lekòl ki pa charter. Alokasyon an ap presize kantite ak tip sal yo bay nan chak lekòl nan bilding lan konfòmman avèk Senbòl Enstriksyon DOE (“Footprint”). Plan ap presize tou kantite ak tip salklas ke yo pa bay alokasyon konfòmman ak Footprint lan. Tout espas yo pa bay alokasyon dapre Footprint lan dwe repati yon fason egal ant tout lekòl ki nan menm lokal la. Nan detèmine yon alokasyon egal, DOE ka konsidere faktè tankou anwòlman elèv ki nan lekòl ki pataje bilding lan, bezwen edikasyon ak pwogramtik lekòl nan bilding ylekòl yo, ak lokal fizik espas anplis ki nan bilding lan.

- b) Yon pwopozisyon pou itilizasyon kolaborasyon nan resous ak espas pataje ant lekòl charter ak lekòl ki pa charter, ki gen ladan men ki pa limite ak kafeterya, bibliyotèk, jimnazyòm ak espas rekreyasyon tankou teren pou jwe, ki bay aksè egalego nan fanmi sa yo yon fason sanblab ak nan lè rezonab pou elèv ki nan lekòl charter ak lekòl ki pa charter;
 - c) Jistifikasyon pou fè alokasyon ak orè yo pwopoze yo jan sa piblye nan kontra yo (a) ak (b) nan paragraf pi ba sa a ak kòman alokasyon yo pwopoze sa yo ak itilizasyon an pataj la ta ka mennen yon itilizasyon bilding lekòl leta sa a egalego ak konparab;
 - d) Sekirite ak pwoteksyon bilding;
 - e) Estrateji kominikasyon pou lekòl ki pataje lokal yo itilize; ak
 - f) Estrateji pou pran desizyon an kolaborasyon pou lekòl ki pataje menm lokal yo ladan yon komite pou espas ki pataje avèk lòt lekòl dapre § III.B.1 nan regleman sa a.
- iii. Yon revizyon plan itilizasyon bilding lan pral mande apwobasyon konsistan PEP la konfòmman avèk egzijans anba seksyon 7 nan § 2590-g lwa Edikasyon Nouyòk la.
3. Omwen sis mwa avan premye jou nan ane lekòl la kote fèmti oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon an ap efektif, Chanselye a pral piblye EIS nan sitwèb ofisyèl DOE a epi mete disponib yon vèsyon kopi EIS la nan direksyon lekòl ki touche (yo). Chanselye a pral ranpli tou yon vèsyon kopi EIS la avèk PEP la, Konsèy Edikasyon Kominotè a (Community Education Council, “CEC”) touche a, Konsèy kominotè touche yo, Sipèentandan kominote an, Ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership Team, “SLT”) lekòl sa gen enpak sou yo, Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann Lang angle (Citywide Council on English Language Learners, “CCELL”), ak Komite Vil la pou Edikasyon Espesyal (Citywide Council on Special Education, “CCSE”). Pou pwopozisyon sou lekòl segondè, Chanselye a pral ranpli tou yon vèsyon kopi EIS avèk Konsèy Vil la pou Lekòl Segondè (Citywide Council on High Schools, CCHS) ak pwopozisyon konsènan elèv afekte yo ki enskri nan yon òganizasyon lekòl Distri 75, Chanselye a pral ranpli tou yon kopi EIS avèk Konsèy D75 la. Pou pwopozisyon konsènan lekòl segondè yo, Chanselye a pral voye yon kopi EIS pa imèl bay tout asanble kominotè ak CEC nan borough kote lekòl segondè an ye. Klasman apwopriye a pral asire livrezon oswa voye yon kopi vèsyon EIS la pa lapòs nan premye klas bay Prezidan PEP la, asistan administratif CEC ki konsène a, prezidan oswa reprezantan konsèy kominotè konsène a, sipèentandan kominote a, direktè lekòl ki touche a kòm yon manm SLT, prezidan oswa reprezantan CCELL ak CCSE, epi, jan sa apwopriye, prezidan oswa reprezantan CCHS ak konsèy distri D75.

4. Sipèentandan kominote distri lekòl kominote a pral bay paran ki touche yo avi pwopozisyon sa a ak tout lòt pwopozisyon revize yo, dirèkteman oswa atravè administrasyon lekòl konsène a. Avi sa a dwe gen ladan enfòmasyon k ap endike kote yoka jwenn yon vèsyon kopi EIS oswa EIS revize, dat ak adrès tout deba piblik an komen sou pwopozisyon an oswa pwopozisyon revize a (gade § II.B). Nan ka yon pwopozisyon konsènan yon lekòl segondè, sipèentandan kominote a dwe bay avi sa a an komen bay paran ki afekte yo nan distri lekòl kominote a ak Sipèentandan lekòl segondè pou lekòl segondè ki se sijè pwopozisyon a. Nan ka yon pwopozisyon ki konsène elèv afekte k anwole nan yon òganizasyon lekòl D75, sipèentandan D75 dwe bay paran afekte yo avi sa a.
- B. Deba piblik an komen:
1. Pou tout pwopozisyon pou fèmti yon lekòl, Chanselye a oswa yon Chanselye adjwen a dwe fè yon deba piblik an komen avèk CEC konsène a ak SLT nan lekòl ki sijè pwopozisyon a. Pou tout pwopozisyon pou fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon Lekòl la, Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a dwe fè yon deba piblik an komen avèk CEC afekte a ak SLT a nan lekòl ki sijè pwopozisyon an. Yo pral envite CCELL ak CCSE pou patisipe nan deba piblik an komen an. Nan ka pwopozisyon konsènan lekòl segondè yo, yo dwe envite tou CCHS pou patisipe nan deba piblik an komen an. Nan ka pwopozisyon konsènan elèv afekte ki anwole nan yon òganizasyon lekòl D75, yo dwe envite tou Konsèy D75 pou patisipe nan deba piblik an komen an.
 2. Pwograme deba piblik an komen
 - a. Yo dwe pwograme deba piblik an komen sa a pa pi bonè pase 30 jou, men pa pi ta pase 45 jou apre yo fin depoze EIS la.
 - b. Avan depo EIS la, yon moun oswa yon biwo Chanselye a deziye dwe pwopoze dat ak lòt potansyèl pou deba piblik an komen an oswa yon reprezantan CEC afekte an ak direktè lekòl konsène a nan kalite manm SLT, ak prezidan oswa reprezantan CCELL ak CCSE a, epi, nan ka yon pwopozisyon konsènan yon lekòl segondè oswa elèv afekte ki enskri nan yon òganizasyon lekòl D75, reprezantan CCHS ak konsèy D75, si posib. Chak nan gwoup sa yo ka endike disponiblite dat sa yo ak pwopoze lòt dat altènatif. Si yo pa ka jwenn yon akò sou dat deba piblik la avan depo EIS lan, Chanselye a oswa reprezantan li dwe chwazi yon dat kote yo ka fè deba nan yon fason ki konsistan avèk egzijans legal aplikab yo.
 3. Ajanda pou deba piblik an komen an
 - a. Avan deba piblik an komen an, yon moun oswa yon biwo Chanselye a deziye a dwe transmèt an komen yon pwopozisyon pou deba piblik an komen pou yon prezidan oswa reprezantan CEC afekte an; direktè lekòl konsène a nan kalite manm SLT, ak prezidan oswa reprezantan CCELL ak CCSE a, ak prezidan

- oswa reprezantan CCHS ak konsèy D75, si aplikab. CEC, SLT, CCELL, CCSE ak CCHS ak/oswa Konsèy D75, jan sa aplikab, pral gen opòtinite pou fè kòmantè sou ajanda pwopoze an komen anak chanjman yo pwopoze pou ajanda sa a.
- b. Ajanda sa a pral gen ladan yon prezantasyon pwopozisyon tou kout ke Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a nan ka yon chanjman enpòtan nan Itilizasyon lekòl la pwopoze, oswa Chanselye a oswa yon Chanselye adjwen nan ka yon fèmte Lekòl pwopoze. Ajenda sa a dwe sou demand gen ladan yon ti prezantasyon kout ke CEC touche a, SLT lekòl afekte an, ak CCELL, CCSE, CCHS, ak/oswa Konsèy D75, jan sa aplikab. Si yo pa ka jwenn yon akò sou kontni ajenda a, CEC afekte a, SLT nan lekòl afekte yo ak CCELL, CCSE, CCHS ak/oswa Konsèy D75, jan sa aplikab, ka itilize alokasyon tan jan yo wè l la, apre prezantasyon tou kout pwopozisyon Chanselye a, reprezantan Chanselye a, oswa Chanselye adjwen an jan yo endike sa pi wo a. Chanselye a, reprezantan Chanselye a oswa Chanselye adjwen an, CEC la, SLT a, oswa CCELL, CCSE, CCHS, oswa Konsèy D75, jan sa aplikab pral limite tout prezantasyon suivan yon dire rezonab epi sa pa dwe kraze opòtinite piblik la pou fè yon kòmantè.
4. Chanselye a ap poste avi deba piblik an komen an nan sit entènèt ofisyèl DOE epi bay avi ak tout paran ak elèv afekte yo. Anplis, Chanselye a pral avize konsèy kominotè yo ak eli eta a ak otorite lokal yo ki reprezante distri kominote afekte an. Yo dwe bay pati enterese yo yon opòtinite pou fè kòmantè sou pwopozisyon an.
5. Apre deba piblik an komen an, CEC sa gen enpak sou li a ka adopte yon rezolisyon sou opòtinite pou rekòmande oswa pa rekòmande pwopozisyon fèmte lekòl oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la, epi transmèt li bay PEP la pou gade l omwen 7 jou davans avan nenpòt vòt PEP la sou bagay sa a jan yo mete nan Seksyon II.C regleman sa a, avèk kondisyon lè yo resevwa rezolisyon sa a ki soti nan CEC a, sa pa dwe yon kondisyon obligatwa pou PEP la aji sou kesyon an.
6. Apre l fin resevwa kòmantè piblik la, Chanselye a ka egzèse otorite li pou revize konsiderableman fèmte lekòl pwopoze an oswa chanjman nan itilizasyon, akondisyon pwopozisyon revize an pa gen enpak sou okenn lòt lekòl sof lekòl yo idantifye nan inisyèl EIS. Nan ka Chanselye a deside fè gwo chanjman nan pwopozisyon an, li pral prepare yon vèsyon EIS revize sou fòm § II.A.1 nan regleman sa a. Yo dwe piblye EIS revize an sou sitwèb entènèt ofisyèl DOE epi yo dwe mete yon kopi nan CEC afekte an, konsèy kominotè afekte yo, sipèntandan kominote a, SLT lekòl afekte an, ak CCHS ak/oswa CCSE ak Konsèy D75, jan sa aplikab, nan fason yo prevwa sa nan § II.A.3. Pa pi bonè pase 15 jou apre depo EIS revize an, Chanselye a oswa Chanselye djwen an, oswa nan ka yon chanjman

enpòtan nan Itilizasyon Lekòl la, chanselye a oswa reprezantan chanselye a pral pwograme yon deba piblik an komen konfòmman avèk § 2590-h(2-a)(d-1) Lwa edikasyon Nouyòk.

C. Apwobasyon PEP la ka bay

1. Chanselye a dwe soumèt tout pwopozisyon pou fèmte lekòl oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl bay PEP la pou apwobasyon.
2. Avan PEP la ka apwouve tout pwopozisyon pou fèmte yon lekòl oswa chanjman enpòtan nan Itilizasyon Lekòl la, yo dwe bay piblik la opòtinite pou soumèt kòmante sou pwopozisyon yo. Omwen (45) jou davans vòt PEP la sou pwopozisyon an, PEP la pral piblye yon avi pwopozisyon sou sit wèb ofisyèl DOE epi pral piblye avi espesifikman bay sipèntandan kominote, CEC, konsèy kominote, ak SLT. Avi sa a dwe gen ladan:
 - a. Yon deskripsyon sijè an, objektif ak kontni pwopozisyon an;
 - b. Enfòmasyon konsènan kote yo ka jwenn tout tèks EIS la;
 - c. Non, biwo, adrès, imèl ak nimewo telefòn reprezantan distri Vil la, ki gen konesans sou bagay yo gen pou konsidere a, ki ka bay enfòmasyon konsènan pwopozisyon an.
 - d. Dat, lè ak lokal kote y ap fè deba piblik sou pwopozisyon a;
 - e. Dat, lè ak kote reyinyon PEP la pral vote sou pwopozisyon an; ak
 - f. Enfòmasyon sou kòman pou voye kòmantè aloral oswa alekri ale konsènan pwopozisyon an.
3. Si yo revize seryezman pwopozisyon Chanselye a pou yon fèmte lekòl oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la nan nenpòt moman apre avi piblik pwopozisyon PEP la bay la, PEP la ap piblye yon avi piblik revize omwen 15 jou davans sou nenpòt vòt PEP la sou pwopozisyon an. Avi piblik revizean dwe gen ladan:
 - a. Yon deskripsyon sijè an, objektif, kontni pwopozisyon revize an;
 - b. Idantifikasyon tout kontni revizyon nan pwopozisyon an;
 - c. Yon rezime tout kòmantè piblik yo resewa sou pwopozisyon an apre premye avi piblik la;
 - d. Enfòmasyon konsènan kote yo ka jwenn tout tèks revize EIS la;
 - e. Non, biwo, adrès, imèl ak nimewo telefòn reprezantan distri Vil la, ki gen konesans sou bagay yo gen pou konsidere a, ki ka bay enfòmasyon konsènan pwopozisyon an;
 - f. Dat, lè ak lokal kote y ap fè deba piblik sou pwopozisyon revize a;
 - g. Dat, lè ak kote reyinyon PEP la pral vote sou pwopozisyon revize an; ak
 - h. Enfòmasyon sou kòman pou voye kòmantè aloral oswa alekri ale konsènan pwopozisyon revize an.
4. Apre peryòd pou kòmantè piblik lan fini epi avan vòt PEP yo sou pwopozisyon an, PEP la pral piblye sou sitwèb entènèt ofisyèl DOE yon evalyasyon tout kòmantè piblik

- yo konsènan pwopozisyon an yo te resevwa avan vennkat (24) èdtan avan reyinyon PEP la kote pwopozisyon an ap sijè pou yon vòt. Evalyasyon sa a dwe gen ladan:
- a. Yon rezime ak analiz pwoblèm yo souve yo ak chanjman enpòtan yo sijere yo;
 - b. Yon deklarasyon rezon poukisa yo pa te enkòpore tout chanjman enpòtan sa yo nan pwopozisyon a;
 - c. Yon deskripsyon tout chanjman yo fè nan pwopozisyon an apre kòmantè piblik yo resevwa; ak
 - d. Enfòmasyon konsènan kote yo ka jwenn tout tèks EIS la oswa EIS revize a.
5. Si PEP la apwouve yon pwopozisyon ke CEC sa gen enpak sou li a adopte yon rezolisyon pou pa rekòmande konfòmeman avèk § II.B.5 regleman sa a, PEP la pral bay CEC sa a yon eksplikasyon pou detèminasyon li.
 6. Pwopozisyon ke regleman sa a dirije PEP la apwouve yo pap efektif jistan yo fin satisfè tout pwovizyon regleman sa a ak ane lekòl kote apwobasyon PEP la te bay la fini.

III. PWOSEDI POU JESYON BILDING LEKÒL LETA KI GEN PLIS PASE YON LEKÒL OSWA YON PWOGRAM

A. Konsèy Bilding yo

1. Yo pral tabli yon konsèy Bilding nan chak bilding lekòl leta kote yo mete de oswa plis lekòl nan menm lokal la oswa kote youn oswa plis lokal avèk yon òganizasyon lekòl D75 pataje menm lokal la. Konsèy bilding lan dwe genyen direktè lekòl ki pa charter oswa òganizasyon lekòl D75 ki pataje lokal la (oswa asistan Direktè òganizasyon lekòl D75), ak yon reprezantan chak lekòl charter ki pataje menm lokal la. Yo dwe reyini omwen yon fwa pa mwa pou diskite ak rezoud pwoblèm ki gen rapò avèk bon fonksyonman chak jou tout lekòl ak pwogram nan bilding lan ak sekirite elèv yo. Si yon konsèy bilding pa ka pran yon rezolisyon sou yon pwoblèm, yo dwe aplike pwosedi pou rezolisyon pwoblèm lan ki detaye nan Campus Policy Memo and Procedures, ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/school-planning/campus-governance>.
 2. Konsèy Bilding lan pral kreye ak konsève ajenda ak pwosè vèbal reyinyon yo, ansanm avèk kèk lòt dosye ki gen rapò avèk jesyon bilding lekòl la, nan fason yo mete sa nan Campus Policy Memo and Procedures, ki disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/about-us/school-planning/campus-governance>.
- #### B. Lekòl Charter ki pataje menm Lokal avèk youn oswa Plis Lekòl Ki Pa Charter oswa kèk Òganizasyon Lekòl D75 (Charter Schools Co-Located with One or More Non-Charter Schools or Certain D75 School Organizations)
1. Komite pou espas ki pataje yo
 - a. Yo pral tabli komite ki pataje espas nan chak bilding lekòl leta kote youn oswa plis lekòl charter pataje lokal avèk youn oswa plis lekòl Leta ki pa Charter School oswa yon òganizasyon lekòl D75. Komite espas ki pataje a gen ladan direktè an

(oswa yon asistan direktè òganizasyon lekòl D75), yon pwofesè, ak yon paran nan yon lekòl oswa òganizasyon lekòl D75 ki pataje espas. Konsènan pwofesè ak paran manm lekòl ki pa charter school, se manm ki fòm Ekip lidèchip lekòl School Leadership Team (SLT) lekòl la ki pral chwazi manm komite espas ki pataje sa yo.

- a. Komite sa a pral rankontre omwem kat fwa nan yon ane lekòl. Konsènan lekòl charter kote yo pataje yon bilding lekòl leta ke PEP la te apwouve apre 28 me 2010, komite espas ki pataje a pral gade enplemantasyon plan itilizasyon bilding lan ke PEP la te apwouve a. Konsènan Charter school yo te apwouve pou ale nan yon lokal oswa nan menm lokal bilding lekòl leta avan 28 me 2010, komite pou espas ki pataje a ap evalye enplemantasyon plan espas aktyèl bilding ki anvigè nan bilding sa yo.
2. Gwo amelyorasyon ak modènizasyon Lokal yo
 - a. Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a dwe otorize premyèman alekri tout gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal pwopoze ki depase senk mil dola, kèlkeswa sous fon an, yo te fè pou akomode pataj lokal lekòl charter nan yon bilding lekòl leta. Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a ka bay otorizasyon sa a sou kondisyon lè li resevwa nan men antite k ap mande fon an jiska kantite lajan ki nesèsè pou finansse amelyorasyon enstalasyon yo oswa modènizasyon lokal yo dwe fè nan chak lekòl ki pa charter nan bilding lekòl leta pou satisfè demand paragaf divizyon pi ba a 3 nan § 2853 Lwa Edikasyon. Yo pral mete ladan pri toulede travay ak founiti nan kontwòl pri yon gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal pwopoze yo. Yo pral konsidere tout travay yo fè ak founiti yo achte kòm pati yon sèl pwojè nan kalkil pri gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal pwopoze yo. Pou tout amelyorasyon oswa modènizasyon Chanselye a apwouve, yo pral fè gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal nan yon montan egal avèk depans lekòl charter pou chak lekòl ki pa charter nan bilding lekòl leta a. Pou tout amelyorasyon oswa modènizasyon lokal ki depase senk mil dola ke Chanselye a te apwouve, kèlkeswa sous finansman an, yo te fè nan lekòl charter ki deja pataje yon lokal avèk yon bilding lekòl leta, yo pral asosye gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal nan yon kantite egal avèk depans lekòl charter pou chak lekòl leta ki pa Charter nan bilding lekòl leta apre twa mwa amelyorasyon oswa modènizasyon sa a.
 - b. Pwosesis apwobasyon an
 - i. Yo dwe voye tout gwo amelyorasyon ak modènizasyon lokal yo pwopoze yo alekri bay Konsèy bilding bilding lan ak komite pou espas ki pataje a avan yo voye l bay Divizyon planifikasyon lekòl ak Devlopman/Jesyon Espas ak Divizyon Bilding lekòl (Division of School Planning and Development/Space Management and the Division of School Facilities). Yo dwe voye

pwopozisyon alekri a bay Division of School Planning and Development/Space Management ak Division of School Facilities, oswa lòt biwo yo mete pou sa, omwen 15 jou lekòl avan dat yo pwopoze a pou demaraj pwojè a. Yo dwe mete ansekirite finansman yon lekòl charter pou yon gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal pwopoze a nan tan yo soumèt li a.

- ii. Division of School Planning and Development/Space Management, oswa reprezantan li, pral gade aplikasyon pou apwobasyon lekòl charter a gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal la epi fè rekòmandasyon konsènan apwobasyon pou Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a.
 - iii. Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a pral avize operatè Lekòl charter ak Lekòl ki pa charter nan menm lokal la desizyon pou garanti oswa refize apwobasyon gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal pwopoze yo.
 - iv. Chanselye a reprezantan Chanselye a dwe apwouve tout chanjman nan pwopozisyon orijinal gwo amelyorasyon oswa modènizasyon lokal lekòl charter a davans nan enpleman chanjman nan kantite travay la.
 - v. Tout lekòl charter ki fè gwo chanjman oswa modènizasyon lokal ke Chanselye a oswa reprezantan Chanselye pat apwouve, pral responsab pou finansman amelyorasyon oswa modènizasyon nan kantite egal avèk depans lekòl charter pou chak lekòl leta la ki pa Charter nan bilding lekòl leta nan espas twa mwa apre amelyorasyon oswa modènizasyon lekòl charter a. Chanselye a ka chwazi tou pou egzèse tout lòd disponib dapre lalwa.
- c. Apèl
- Dèke PEP la fin apwouve yon pwopozisyon pou mete oswa fè yon charter school pataje lokal yon bilding lekòl leta ak plan itilizasyon bilding ki vini avèk sa a, yo ka konvoke an apèl apwobasyon pwopozisyon an ak/oswa enplemantasyon l ak respè avèk plan itilizasyon bilding yo apwouve a dapre § 2853(3)(a-5) nan Lwa Edikasyon Nouyòk (New York Education Law).

IV. PWOSEDI POU FÈMTI LEKÒL NAN KA IJANS AK CHANJMAN ENPÒTAN NAN ITILIZASYON LEKÒL

- A. Chanselye a ka fèmen tanporèman yon lekòl oswa adopte yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la sou baz ijans si li detèmine aksyon sa a nesesè pou prezève sante, sekirite oswa byennèt jeneral elèv.
- B. Chanselye a pral bay yon deklarasyon alekri ki prezante rezon pou aksyon ijans la epi li ap piblye nan sitwèb entènèt ofisyèl DOE deklarasyon sa a.
- C. Yon fèmti an ijans oswa chanjman nan itilizasyon pral rete an efè sèlman pou jiska sis mwa, pandan tan sa a chanselye a pral respekte egzijans regleman sa a pou pwolonje fèmti a oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl apre yon peryòd sis mwa.

V. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Division of School Planning and Development

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

52 Chambers Street – Room 420

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-3986

Fèmte pwogresif ak fèmte definitif non lekòl la (DBN)

I. Rezime Pwopozisyon

- Idantifikasyon enpòtan:
 - o Non lekòl la, kòd, ak klas li genyen
 - o Distri lekòl kominote, kòd bilding ak adrès
 - o Lekòl ki pataje bilding lan (si genyen)
- Deskripsyon aksyon pou yo pran kòm rezilta pwopozisyon an:
 - o Bay enfòmasyon sou aplikasyon pwopozisyon an, ladan klas y ap elimine chak ane ak ane y ap fèmen lekòl la nèt
- Rezon dèyè aksyon yo pwopoze a:
 - o Deskripsyon kritè responsablite ki fè y ap fèmen lekòl la
 - o Eksplikasyon tèm Persistently Lowest Achieving (si se ka a)
 - o Si sa posib, rezime etap enpòtan DOE pran pou amelyore pèfòmans lekòl la avan yo rive nan dsizyon pou yo fèmen lekòl la
 - o Bay enfòmasyon sou pèfòmans lekòl la ki mennen nan pwopozisyon an ak patisipasyon kominote avan rekòmmandasyon an

II. Itilizasyon yo pwopoze pou bilding lan oswa itilizasyon potansyèl li

- Enfòmasyon sou bilding lan:
 - o Kapasite
 - o Fason yo itilize bilding lan kounye a
- Deskripsyon fason yo pwopoze itilize bilding lan
